

BAB V

KACINDEKKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dikasangkutan ku perluna narékahan pikeun ngawanohkeun jeung nepikeun ma'na, hususna ngeunaan ajén moral nu aya dina novél. Ku éta jalan, hususna dina widang atikan, ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra, nepi ka numuwuhkeun sikep jeung moral siswa dina nyanghareupan kahirupan.

Novél mangrupa wangun karya sastra modern anu miboga struktur jeung komponén anu ngawangunna. Novél mangrupa titiron atawa gambaran kahirupan masarakat sapopoé, sabab novél euyeub ku tokoh jeung penokohan sarta euyeub ku ajén-inajén anu digambarkeun ku paripolah, paguneman, jeung pikiran tokoh-tokohna. Salah sahijina nya éta novél *Surat Wasiat* karangan Samsuedi anu jadi objék dina ieu panalungtikan.

Ari nu jadi puseur ulikan téh nya éta ngeunaan struktur carita kalayan tiori Stanton anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra, sarta ajén moral nu ngawengku genep moral kamanusaan nu nyoko kana tiori Warnaén. Ki kituna, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun: 1) struktur carita novél (téma jeung fakta carita: plot (alur), setting (latar), tokoh jeung penokohan) nu nyampak dina novél *Surat Wasiat*; 2) ajén moral anu aya dina novél *Surat Wasiat* karangan Samsuedi; sarta 3) larapna hasil panalungtikan dina bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP.

Hasilna kapanggih, téma dina ieu novél nya éta perjuangan Sunyoto dina néangan aki tegesna nu ngaranna Mas Sumarto, sudagar batik jeung kamasan di Jogja. Galur anu aya dina ieu novél kabagi kana lima tahapan nya éta *situation, generating circumstances, rising action, climax, jeung denouement*. Palaku utama dina ieu novél nya éta Sunyoto jeung Pa Diryo (Mas Sumarto). Palaku tambahan dina ieu novél aya sababaraha di antarana, Pa Murdiam, Wa Arsim, Mas Sudirman, Pa Dimin, jeung Mantri Pulisi. Latar tempat dina ieu novél lolobana

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

aya di Jogja. Latar waktuna di antarana ayeuna, harita, baréto/baheula, isukan, jeung mangkukna. Latar sosialna nya éta golongan jalma beunghar, golongan jalma pertengahan, sarta golongan jalma teu boga. Puseur sawangan anu digunakeun nya éta jalma kahiji palaku utama. Pangarang teu lalusa nyaritakeun palaku, sabab pangarang kawatesanan ku palaku utama. Gaya nu digunakeun ku pangarang nya éta ngagunakeun basa sapopoé anu basajan, tapi ogé diseselan ku sababaraha gaya basa, babasan jeung paribasa.

Nilik kana ajén moral dumasar tatapakan tiori Warnaén, dina ieu novél kapanggih aya lima moral kamanusaan, nya éta moral manusa ka Pangéran (MMP), moral manusa ka dirina sorangan (MMD), moral manusa ka papada jalma (MMPJ), moral manusa kana waktu (MMW), sarta moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB).

Sanggeus ditalungtik, ieu novél *Surat Wasiat* karangan Samsuedi téh bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra, sabab saluyu jeung sarat bahan pangajaran nu ngawengku luyu jeung tujuan anu hayang dihontal, mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna, aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan, sarta luyu jeung kabutuh katut minat siswa (Nasution, dina Haerudin & Kardana, 2013, kc 77).

5.2 Implikasi

Hiji panalungtikan tangtuna teu leupas ti nu ngaranna kaonjoyan jeung kahéngkérán. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga kahéngkérán dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kana kahadéan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kasusastraan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan ajén moral dina karya sastra, utamana dina novél Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran.

5.3 Rékoméndasi

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aya sawatara saran anu disusun ku panalungtik pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana: 1) pikeun panalungtik satuluyna, dipihareup bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi hiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar deui; 2) pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa ngarojong pangajaran; sarta 3) pikeun masarakat/nu maca, dipiharep bisa terus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan nyangkem karya sastra ku cara loba maca karya sastra. Salian ti éta, ajén moral dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun eunteung dina kahirupan sapopoé.

Ira Nurasih, 2017

STRUKTUR JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVÉL SURAT WASIAT KARANGAN SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indoensia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu